Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 106 (25835)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 17 июн — хурхæтæны мæйы 17 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ОФИЦИАЛОН УАГÆЙ
РЦИ-Аланийы закъон

3 НÆ ИРЫ ФÆСИВÆД
Тематикон фарс

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Уæззау атлетикæ

Дунеон экономикон форум

Ирыстоны равдыст

Презентацийы хуызы ирон кафтæй байгом Бетъырбухы Дунеон экономикон форумы нæ республикæйы стенд. Мадзалы архайдтой РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис æмæ РЦИ-Аланийы экономикон рæзты министр КУЧИТЫ Зауыр.

Мариинаг театры Цæгат Ирыстоны филиалы артисттæ равдысты уазджытæн бацæттæ кодтой этникон хуызы чысыл концертон программæ. Йæ æвæрæг-режиссер **Суанты Валери**, афтæмæй. Ирон кафты дæснытæ равдыстой нæ республикæйы ивгъуыд æмæ абоны царды уаг, национ бакаст кæй хонынц, уый ахадындзинад нырыккон æхсæнады. Кафты рæстæг форумы уазджытæ кастысты видеобастдзинады Ирыстоны алæмæты æрдз æмæ æвæджиауы архитектурон цыртдзæвæнтæм, промышленност æмæ экономикæйы нырыккон объекттæм.

Равдыст байгом кæныны рæстæг уазджытæ стыр аргъ скодтой, сæрмагондæй Бетъырбухаг экономикон форуммæ Цæгат Ирыстон цы концепцийыл бакуыстой "Де ‘ргом раздах Ирыстонмæ", зæгъгæ, уыцы проектæн. Уазджытæн фадат уыдис, нæ республикæ нын куыд æмæ цас зонынц, уыцы зонындзинæдтæ сбæрæг кæнынæн онлайн-хъазты фæрцы равдисын: РЦИ-Алани пазлы хуызы сæмбырд кæнын æмæ виртуалон балцы ацæуын нæ республикæйы сæйраг-дæр туристон бынæттæм, саходын ирон хæринæгтæ æмæ зæрдылдарынæн къам сисын.

Бетъырбухаг Дунеон экономикон форум цæуы 14 июнæй 17 июнмæ. Йæ сæйраг темæ та у "Хæдцæуы дунейы æппæты егъаудæр цаутæй июль. 26 азмæ йын бантыст, экономикæйы нывыл рæзтæн глобалон ахсджиаг фарстатыл ныхас кæныны æмæ дунейы хуыздæр фæлтæрддзинæдтæй спайда кæнынæн егъау æмæ раззагдæр фæз саразын. Бындур æвæрд ын æрцыд 1997 азы, 2006 азæй та арæзт цæуы нæ бæстæйы Президент **Владимир Путины** разамындæй.

Форумы программæты æркæсдзысты уæрæсейаг экономикæйы егъау ахсджиаг хъуыддæгтæ æмæ технологиты рæзты социалон фарстатæм.

САУТÆТЫ Тамилæ

Хонæм уæ

Туркæй — Ирыстонмæ

Турчы ирон æхсæнады минæвæрттæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй тагъд рæстæг уыцы бæстæйæ сæ рагфыдæлты райгуырæн зæхх — Ирыстонмæ балцы æрбацæудзæн цыппар æрыгон ирон лæппу æмæ чызджы.

Ам уыдон бабæрæг кæндзысты нæ республикæйы зæрдылдарæн бынæттæ, фендзысты, Цæгат Ирыстоны цы бирæ ивддзинæдтæ æрцыд, уыдæттæ, фембæлдзысты йæ цæрджытимæ.

Афæстаг азты дæргъы Туркæй Ирыстонмæ ахæм балцыты æрбацыдысты 100 адæймагæй фылдæр.

КОЦТЫ Альбинæ

Энергетикæ

Дæлстанцæйы цалцæгад

Электрон тыхæй зынвадат хæххон районты æмæ курортон тæлмыты ифтонгад кæмæй аразгæ у, фæззыгон-зымæгон афонмæ цæттæкæнынады фæткмæ гæсгæ, "Россети Цæгат Кавказ"-ы филиал "Севкавказэнерго"-йы специалисттæ ахæм энергообъекттæм здахынц уæлдай фылдæр æргом.



Сæгъæм, энергетиктæ 35-килоВольтон дæлстанцæ "Цъæй" фæззыгон-зымæгон афонмæ цæттæ кæнын райдыдтой. Ацы дæлстанцæ электрон тыхæй ифтонг кæны Уæрæсейы хæххон-рекреацион туризмы кадджындæр центртæй иу — Цъæйгом.

Денджызы æмвæзадæй 1900 метры бæрзонддæр ран энергообъект скуыста ивгъуыд æнусы 80-æм азты райдайæны. Зынвадат хохаг хъæуты цæрæг адæм электрон тыхæй æнæкъуыхцыйæ ифтонггонд уыдзысты æви нæ, уый аразгæ у дæлстанцæйы æнæлаз куыстæй. Уымæй уæлдай, объектæй электрон тых цæуы комы уæвæг рæтæн фæндагмæ, турбазæтæ, фысымуæттæ æмæ фæлладуадзæн базæтæм.

Специалисттæ дæлстанцæйы ифтонгæрзты уавæр иртасынц æмæ сæ цалцæг кæнынц. Цалцæггæнæн куыстытæ ацы мæй æххæстгонд æрцæудзысты.

ГАСАНТЫ Валери

18 июны — Медицинон кусæджы бон

Бæрæгбоны арфæтæ

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады кадджын кусджытæ!

Зæрдæбынæй уын арфæ кæнын уæ дæсныйады бæрæгбоны фæдыл! Республикæйы цæрджыты номæй уын бузныг зæгъын уæ æрвылбоны фыдæбоны, æххуысы, зæрдæмæисындзинады æмæ аудындзинады тыххæй!

Фæстаг цалдæр азы Цæгат Ирыстоны медицинон кусджыты æмæ Уæрæсейы æнæниздзинад хъахъхъæнынады специалистты размæ æрлæууыдысты, æндæртимæ абарæн кæй нæй, ахæм зындзинæдтæ. Фæлæ нæ республикæйы медиктæ сæ дæсныйады бæрзонд идеалтæ нæ ивынц. Дохтыры дæсныйад равзарæг адæймаг стырдæр æмбарынадмæ тырны, уый йæ царды ахст бынат у. Йæ цард медицинæимæ чи сбаста, уый æмбæрста, йæхи бар нæ уыдзæн, иннæты пайдайæн кæй кусдзæн, уый. Хиуыл нæ ахъуыды кæнын æрмæст ныхасыздæхт нæу, раивæн кæй нæй, ахæм уды сконд у. Алы минут дæр кæйдæр цур балæууыны, баххуыс кæныны фæтк.

Медицинæ ахæм хъæбатырдзинæдты бынат у. Алы бон дæр, алы сахаты дæргъы дæр æрцæуы сæ афон, фæлæ къабазы кусджытæн арфæтæм хъусынæн рæстæг нæй — кæйдæр та се ‘хуыс бахъуыд, сæ сыгъдæг хæс сæм æнхъæлмæ кæсы. Афтæ — сæумæрайсомæй сауизæрмæ. Æцæг дохтыр суæвын йæ бон у, уыцы домæнтæн дзуапп чи дæтты, йæ алыварс чи ис, уыдоны чи уарзы, йæ уд парахат кæмæн у, ахæм адæймаг.

Нæ зынаргъ дохтыртæ, медицинон хотæ, фелсыртæ, санитартæ, "Тагъд æххуыс"-ы шофыртæ, диспетчертæ, Цæгат Ирыстоны æппæт медицинон кусджытæ, уæ бæрнондзинады, ахсджиаг æмæ фæрнæйдзаг архайды тыххæй райсут мæ арфæтæ! Æппынæдзух уæ бынаты кæй стут, уый тыххæй уын бузныг!

Мæ зæрдæ уын æнæниздзинад, æнтыстытæ, уæхицæн æмæ уæ хиуæттæн фæрнæйдзаг царды зæгъы!

Сергей МЕНЯЙЛО,
РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг

Республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады кадджын кусджытæ æмæ ветерантæ!

Уæ дæсныйады бæрæгбоны агъоммæ уын зæрдиагæй арфæ кæнын, уæ уæззау куысты, бæрнон æмæ фæрнæйдзаг фæллойы, адæмыл мæт кæй кæнут, уый тыххæй.

Уæ куыст æрмæст дæсныйад равзарын нæу, уымæн бæрзонд нысаниуæг ис, йæ бындуры æвæрд ис алы адæймаджы арфæ, бузныджы ныхас. Дзæгъæл хуымæтæджы нæ фæзæгъынц, æнæниздзинад амонд у, зæгъгæ. Зындзинæдтæ æмæ фадæттæ нæ нымайгæйæ, алы бон дæр адæмæн æвæстиат æххуыс бакæнут, алы рынчыны цардыл дæр тох кæнут, йæхицæн, æмæ йæ хиуæттæн лæвар кæнут ныфс, æууæнк.

Абон национ проекттæ æмæ паддзахадон программæты фæлгæты республикон æнæниздзинад хъахъхъæнынады аразынц хæрзхъæд æмæ афоныл медицинон æххуыс бакæныны уавæрттæ. Суанг дæрддзæф хъæууы цæрджытæ дæр хъуамæ исой æмбæлгæ медицинон æххуыс. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, дзæбæх кæныны æппæт инновацитæ, технологон ногдзинæдтæ нæ баивдзысты урсхалатджынты.

Ацы бон мæ фæнды хиуыл нæ ауæрдыны, равзæрст фæндагыл æнувыддзинады тыххæй, сæрмагонд æфсæддон операцийы сæ дæсныйады æмæ граждайнаг хæс чи æххæст кæны, уыцы медицинон кусджытæн зæрдæбын арфæтæ ракæнын. Мæ сæрæй уын ныллæг кувын!

Мæ зæрдæ уын, зынаргъ медицинон кусджытæ, зæгъы æнтыстытæ, æнæниздзинад, амонд æмæ фарн!

ТУСКЪАТЫ Таймураз,
РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар

Æнæниздзинад

Бахъуаджы рæстæг — фыццаг æххуыс

Къорд азы размæ нæ республикæйы Хицауады уынаффæйæ арæзт æрцыд, æнæнхъæлæджы уавæрты бахауæг адæмæн æвæстиат медицинон æххуыс бакæныны нысанимæ, сæрмагонд медицинон центр. Æрбынæттон ис Республикон клиникон рынчындоны.

Йæ куысты ахадындзинад рабæрæг, æмæ цæмæй парахатдæрæй лæггад кæной адæмæн, уый тыххæй сæ раивтой ног бæстыхаймæ. Ныртæккæ РЦИ-Аланийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады "Медицинæ æмæ бæллæхы территориалон центр" ис Дзæуджыхъæуы Пушкины уынджы. Бирæ дæсны специалисттæ дзы куыста, 1991 азы йын бындур æвæрд куы æрцыд, уæдæй нырмæ. 2021 азы Центры сæргъы æрлæууыд хæрзæгъдау, цыргъзонд, арæхстджын разамонæг **Бутаты Павелы фырт Артур**. Медицинон академийы диплом райсгæйæ, дарддæр сахуыр кодта ординатурæйы, травматолог-ортопеды дæсныйад райста, диссертаци бахъахъхъæдта Бетъырбухы æмæ ссис медицинон наукæты кандидат. "Медицинæ æмæ бæллæхы территориалон центр"-ы йæ куыст райдыдта хайады сæргълæууæгæй, уыдис директоры хæдивæг.

БУТАТЫ Артур

СОТТИТЫ Зауыр, ГУЫРИАТЫ Мария æмæ ЧЕЛÆХСАТЫ Валентинæ

Йæ коллективы 'хсæн Артураен ис стыр кад, уымæн æмæ архайы, цæмæй кусджытæн уа æппæт уавæртæ дæр. Уыцы-иу рæстæг Артур кæсы лекцитæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон академийы студенттæн.

Кафедрæйы доцент фидæны санитарон дохтырты, эпидемиологты зонгæ кæны равзæрст дæсныйады сусæгдзинæдтимæ.

Разамонæг уæвын дæр курдиат у. Иуæй, куыст хъæуы хорз зонын, иннæмæй та — адæмимæ иу æвзаг арын, разамынд дæттынмæ арæхсын.

— Цыфæнды дæсныйад равзаргæйæ дæр, фыццаджыдæр, хъуамæ хорз адæймаг уай. Бирæ фæлварæнты сæрты ахизын бахъæуы, махмæ кусынмæ æрбацæуын кæй фæнды, уыдоны. Фыццагдæр домæн у фæлтæрддзинад, æнæмæнг фондз азæй къаддæр хъуамæ ма бакуса йæ дæсныйадыл. Кæмæддæр цымыдисаг кæсдзæн ацы куыст, фæлæ хи цæстæй куы фенынц зæрдæриссæн нывтæ, уæд нæ бафæразынц. Ныртæккæ нæм ис фæлтæрдджын, куыстхъом коллектив, — зæгъы Артур. — Ирвæзынгæнæн бригадтæ лæууынц цыппар посты, сæйраг автомобилон фæндæгтыл — Елхоты, Бесланы, Реданты æмæ Дзуарыхъæуы. Алчидæр сæ дзуапп дæтты фæндаджы хицæн уадздзагæн.

(Кæрон 2 фарсыл)

Уавæр

Æрдзон фыдбылызтæ

Æнæнхъæлæджы уавæрты æмæ зынгсирвæзтытæй æдасдзинады фæдыл республикон къамисы иудадзыгон кусæг штаб куыд хъусын кæны, афтæмæй республикæйы фæзуатыл дарддæр цæуынц, цæрæнбынæттæн тæрккъæвда цы зиантæ æрхаста, уыдоны фæстиуджытæ аиуварс кæныны куыстытæ.

Афтæ, энергетиктæ архайынц, тыхджын дымгæ æмæ ихуарын цы электрон хызтæ бахъыгдардтой, уыдон ногæй саразыныл. Æдæппæт коммуналон службæйы куыстыл 15 июны æрцыд 21 æнæнхъæлæджы цауы, уыдонæй 15 баст уыдысты электрон тыхдæттæг телты фехæлдимæ, 15 та — донуадзæн хæтæлты фехæлдимæ.

Æрдзон фыдбылызы фæстиуджытæ аиуварс кæныны куыстытæ цыдысты æхсæвыгон дæр, афтæмæй, райсомы 16 июнмæ æнæнхъæлæджы æрцæуæг цаутæн се ‘мбис иуварсгонд æрцыд. Ныртæккæ ма цæуынц электрон тыхуадзæн æмæ донуадзæн хæтæлтæ ногæй саразыны куыстытæ

дыууæ хайыл, сæ иу — Кировы районы Ираны хъæуы донцъирæны цалцæггæнæн куыстытæ, иннæ та — поселок Хуссайраджы. Ацы ран "Россети-Цæгат Кавказ"-ы специалисттæ архайынц цæрæн хæдзæрттæм тæвд дон ногæй бауадзыныл.

Уымæй уæлдай, цалцæггæнæн куыстытæ цæуынц Джызæлы — Дойаты Давиды, Кировы æмæ Пролетарон уынгты, Кировы районы Кæрдзыны хъæуы, Мæздæджы районы Троицкы хъæуы, Дыгуры районы Мустыздæхы хъæуы. Æппæт ацы цæрæнбынæтты хъыгдард баййæфтой электрон тыхуадзæн хызтæ.

Специалисттæ ма сыгъдæг кæнынц Æрыдон æмæ Дигорайы ‘хсæн фæндаджы хай — тыхджын уарыны аххосæй дзы машинæтæн рæстæгмæ цæуæн нæ уыд.

Горæтаг службæтæ Дзæуджыхъæуы архайынц уарындон æмбырдгæнæнтæ ссыгъдæг æмæ сæ сцалцæг кæныныл. Нымæцæй уыцы объекттæ сты 3 минæй фылдæр.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Дзырды фарн

Цæргæс бæрæг вæйы йæ тахтæй,
хъæбатыр гуырд — йæ цыдæй.

КОЧЫСАТЫ Мухарбег

Боныхъæд | **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **17 июны,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **24-29 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **24-26 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,22

Хурыскаст — 04,18
Хурныгуылд — 19,40

Валютæйы аргъ

Доллар — 83,71
Евро — 91,72

12+

Хицауадæй

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъон

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы "Парламентон фæдæвзæрст скæныны тыххæй" закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй

1-аг статья

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы "Парламентон фæдæвзæрсты тыххæй" закъонмæ ахæм ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй:

"2) афойнадыл Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бюджеты кæнæ Æнæмæнг медицинон фæдзæхстады фонды æфтиæгтæ æмæ хæрдзты статьятæ не хъæст кæнгæйæ, финансон фæтк карз хуызы халгæйæ, бæрцæй, структурæйæ æмæ нысантæм гæсгæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бюджеты æмæ Æнæмæнг медицинон фæдзæхстады фонды разамынд дæттыны, исбонæн амынддзинæдтæ кæныны æнæахадгæ хæрдзты тыххæй:

2) 6-æм статьяйы:

1 ныхасы "2-аг хайы 2-аг статьяйы" ивд æрцæуæд ныхæстæй " 1, 3 æмæ 4-æм амынд пунктты 2-аг хайы 2-аг статьяйы";

1-аг хаймæ мæнæ ацы уæлæмхасæн мидис бафтауын:

"1. Закъоны 2-аг пункты 2-аг хайы 2-аг статьяйы ацы факттæ куы уой, уæд Парламенты профилон комитет Парламенты Сæрдармæ фыстæгон сидт æрвиты парламентон фæдæвзæрст скæныны тыххæй";

3 хайы ныхæстæ "Уæрæсейы Федерацийы гражданины Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæджы бартæй схайджын кæнын" баивын "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæджы равзарынæй";

3-аг хайы 7-æм статьяйы ныхæстæ "æвзæрстыты нымæцæй" баивын "æрæвæрд нымæцæй".

2-аг статья

Ацы закъон йæ тыхы бацæудзæн, сæрмагонд æгъдауæй йæ мыхуыры рауадзынæй дæс боны куы рацæуа, уæд.

Республикæ Цæгат
Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг С. Меняйло

Дзæуджыхъæуы горæт
2023 азы 1 июн
№33-РЗ

Кусæг фембæлд

Ахуырадæн – ног скъолатæ

Бетъырбухаг Дунеон экономикон форумы фæзты РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис кусæг фембæлд сарæзта Уæрæсейы Æддæгон Экономикон Банчы амалхъомадон блокы æххæстгæнæг директор, "ПроШкола"-йы генералон директор Алисæ ДЕНИСОВАИМÆ. Рæгъмæ рахастæуыд ахуырады иумæйаг проекттæ царды уадзын æмæ дæрддæры æмгуыстады фарстатæ.

Ныртæккæ концессийы фæлгæты "ÆЭБ" сразы Дзæуджыхъæуы Дзæуджыхъæуккаг уынджы скъолайы арæзтадыл. Объекты аргъ у 1,5 миллиард сомы, бынæттæ дзы уыдзæн 1100 сывæллонæн, сцæттæ уыдзæн 2024 азы кæрон. Уæдæ Магкайы-фырты уынг æмæ "Ног горæт"-ы микрарайоны 550 бынæттимæ скъолаты арæзтадыл дæр ныхас рауад. Паддзахадон корпорацийы дæлкомпани "ПроШкола"-имæ æмгуыстады фæлгæты республикæ объектты социалон инфраструктурæ саразыны фарстатæн уæлæмхасæн фæрæзтæ радих кæныны нысантæ фæбæрæг кодта.

Дзанайты Барис куыд бафиппайдта, афтæмæй "ПроШкола"-йы ахадгæ мадзæлтты руаджы республикæйы социалон-экономикон объекттæ æмбæлгæ ифтонггæрзтимæ саразæн ис. "Ахуырады ног хызы præстæн нæ бон фадæттæ саразын у, сывæллæттæн та — præстæджы домæнтæм гæсгæ хæрзхъæд зонындзинæдтæ, фадатджын уавæртæ. Хъуамæ нæ куыст уыцырдæм саразæм. Ныр ма нæ зæрды ис скъола 550 бынатимæ саразын, 2024-2025 азты йæм хъуамæ бавналой. Паддзахадон корпорациимæ не 'мгуыстад хъуамæ præза", — загъта Хицауады Сæрдар.

Алисæ Денисова куыд радзырдта, афтæмæй "ПроШкола" цæттæ у республикæимæ куыстмæ. "Кæд æмæ Уæрæсейы Рухсады министрад арæзтадон объекттæ равзарста, уæддæр "ПроШкола" дарддæр ног объектты арæзтады тыххæй куырдиаттæ исы. РЦИ-Аланийы Хицауадимæ баныхас кодтам, не 'мгуыстад фæуæрæхдæр уыдзæн. Республикæйы ног скъолатæ аразынмæ мах цæттæ стæм", — фæбæрæг кодта "ПроШкола"-йы генералон директор.

Уæрæсейы Президент **Владимир Путин** республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлоимæ** куы фембæлд, уæд Æддагон Экономикон Банчы фæрæзтæй спайда кæныны хæстæ сæвæрдта. Инфраструктурон, экспортон æмæ промышленнон объектты арæзтады сæ спайда кæнæн ис.

РЦИ-Аланийы
Сæргълæууæджы
æмæ Хицауады
пресс-службæ

Бахъуаджы præстæг – фыццаг æххуыс

(Райдайæн 1 фарсыл)

Æхсæвæй-бонæй рад хæссы диспетчерты оперативон хайад. Дæсны разамынд сын дæтты **Бадзиаты Зæлинæ. Раппæлинаг куыст кæнынц диспетчертæ Æлдаттаты Неля, Виктория Голова, Дзугкойты Маргаритæ, Хамыхъоты Светæ, Хуыбыты Беллæ** æмæ иннæтæ.

— Информацион технологиты æнус ралæууыд, æмæ йæ хорздзинæдтæй пайда кæнæм Центры. Иудадзыг видеобастдзинад ис æппæт службæтимæ, ирвæзынгæнæн бригадæтимæ, рынчындæттимæ. Фæндагон кæнæ æндæр фыдбылызы адæм хъыгдард куы баййафынц, уæд махæн нæ хæс у æппæт бæрæггæнæнтæ дæр рынчыны уавæры тыххæй Мæскуымæ, Бæллæхты медицинæйы федералон центрмæ æрвитын, — зæгъы Хамыхъоты Светланæ.

Фæндагон фыдбылыз æрæджы 'рцыд Кæрдзыны хъæумæ хæстæг фæндагыл. Аст адæймагæй цыппар фæмард сты, иннæты — уыдоны 'хсæн, æнахъом сабитæ дæр — тагъд æххуысы машинæтæ рынчындæттæм аскъæфтой. Ныртæккæ зынгæ фæцыбырдæр ис, бынатмæ бацæуынæй рынчыны дзæбæхгæнæндонмæ баласыны præстæг.

— Ирвæзынгæнæн бригад æппынфылдæр 20 минутмæ хъуамæ бахæццæ уа бынатмæ. Нæ машинæтæ æххæст сты æппæт нырыкондæр медицинон ифтонггæрзтæй. Адæймаджы мæлæтæй фервæзын кæнынæн дохтыртæн æххуыс сты ацы фæрæзтæ. Анестезиолог-реаниматологтæ, травматолог-ортопедтæ, тагъд æххуысы дохтыртæ, медицинон хотæ æмæ фелсыртæ хорз æмбарынц, медицинон æххуыс дæр йæ цæфыл бакæнын се стыр хæс кæй у, уый, — зæгъы Артур.

Ирвæзынгæнæн куыстыты иузæрдионæй архайынц дæсны æмæ хиуыллхæст шофыртæ **Ælборты Гермæн, Еналдыты Марат, Туаты Руслан, Уалыты Вадим, Гæбæраты Дмитри, Дзидзойты Дудар** æмæ иннæтæ. Центры директоры ныхасмæ гæсгæ, сæ куысты æхсызгон хъæуы анестезиолог-реаниматологтæ.

Æрвылрайсом радхæссæг бригадæтæ Центры разамындæн фехъусын кæнынц, куыд ацыд сæ куысты рæстæг, машинæтæ бацæттæ кæнынц иннæ къорды æрбацыдмæ. Куыд нын загътой, афтæмæй фæндагон фыдбылызтæ фылдæр цæуы сæрды мæйты, адæмæн улæфты рæстæг куы вæййы, уæд. Чидæртæ тагъд скъæрынц хæдтулгæтæ, карз нозты аххосæй дæр ærцæуы бæллæхтæ. Нæ республикæ транзитон у, бирæтæ цæуынц сыхаг регионтæм, уымæ гæсгæ хъыгдардбаййафæг адæмæн сæ фылдæр вæййынц æндæр рæттæй.

— Республикон æнæниздзинад хъахъхъæнынад барджын къахдзæфтæ акодта, фæлæ хатгай афтæ рауайы, æмæ уæззау рынчыны бахъæуы федералон клиникæтæм ласын. Мæскуымæ, Бетъырбухмæ, Астраханмæ, æндæр горæтты зындгонд клиникæтæм, нæ дохтыртæ алцæмæй ифтонг машинæйыл фæхæццæ кæнынц рынчын

Диспетчер
ХАМЫХЪОТЫ Светланæ

адæймаджы. Зæгъæм, ивгъуыд аз 50 хатты ацыдысты, ацы азы райдайæнæй та 26 рынчыны аластой бынатмæ, — дзуры Бутаты Артур. — Алы фарстамæ дæр йæ цæст дары нæ республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан**. Алывæрсыг æххуыс Центрæн кæнынц министры хæдивджытæ **Хетæгты Фатимæ, Томайты Тамарæ** æмæ **Темырты Карэн.**

Уæлæмхасæн зонындзинæдтæ райсынæн Центры специалисттæн вæййы ахуыртæ. Уымæй уæлдай ма йæ бындурыл кусы ахуыргæнæн кълас. Ам фидæны шофырты, автоинспектортæ æмæ спецназы кусджыты ахуыр кæнынц бахъуаджы præстæг фыццаг æххуыс бакæныныл. Медицинон наукæты кандидат **Дзатцеты Дзерассæйы** амынддзинæдтæй базонынц, туг куыд бауромын хъæуы æмæ æндæр реанимацион гæнæнтæ. Къласы ис ахуырæн пайда, хъæугæ ифтонггæрзтæ, интерактивон фæйнæг.

Санитарон авиацийы тыххæй дзургæйæ, Артур фæнысан кодта, тынг бирæ фарстатæ дзы кæй ис, уый. Цæмæй ахæм медицинон лæггад фæзына Ирыстоны, уый тыххæй уал фадæттæ саразын хъæуы.

— Куыд уынæм, афтæмæй республикæйы Хицауад йе 'ргом здахы туризмы къабазмæ, бирæ уазджытæ нæм цæуы, хæстæгдæр præстæг куы скусой фæлладуадзæн бынæттæ, уæд сæ нымæц ноджы фылдæр уыдзæн. Уымæ гæсгæ æвæстиатæй хъæуы фæндæгтыл уæлæмхасæн ирвæзынгæнæн бригадæты посттæ скæнын. Сæрмагондæй та — Транскамы автомобилон фæндагыл. Нæ куырдиатимæ зонгæ сты министрады, æмæ йыл куыст цæуы, — загъта Бутайы-фырт.

Мах бабæрæг кодтам, Реданты поселокмæ хæстæг цы ирвæзынгæнæн бригадæ лæууы, уый.

— "Цæлхытыл реанимаци", — афтæ схонæн ис нæ машинæ. Нæ бæрны ис фæндаджы æртын километры, Дзæуджыхъæуы Гæдиайы-фырты уынгæй суанг уадзæн пункт Уæллаг Ларсы онг. Федералон трассæ "Кавказ"-ыл бирæ машинæтæ цæуы, æмæ кæддæриддæр цæттæ стæм æххуысмæ", — зæгъы дохтыр-реаниматолог **Гуыриаты Маринæ**.

— Нæ куыстмæ гæсгæ уæззау рынчыны фæхæццæ кæнæм Уæрæсейы стырдæр клиникæтæм. Æнцон нæу дыгай суткæтæ фæндагыл, иудадзыг хъæуы улæфæн аппаратмæ кæсын, æндæр процедурæтæ кæнын, фæлæ сæйрагдæр у адæймаджы æнæниздзинад, — зæгъы фæлтæрдджын фелсыр **Челæхсаты Валентинæ.**

Бригадæйы уæнгтæ бузныг загътой Центры разамындæн, сæ куыстæн æмæ фæлладуадзынæн уавæртæ кæй кæнынц, уый тыххæй.

Хатгай сæм æххуысагур бауромынц шофыртæ, чи фæндагыл йæхи æвзæр æнкъары, чи та йæ бæлццонæн æххуыс бацагуры.

Цыбыр дзырдæй, Медицинæ æмæ бæллæхы территориалон центрыл æрæнцад вазыгджын фарстаты уаргъ, præстæг сын сæ размæ цы хæстæ 'бæры, уыдон лыг кæнгæйæ, размæ фидар къахдзæфтæй цæуынц. Сæ зонындзинæдтæ, сæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ, цæстуарзонæй лæггад кæнынц адæмæн.

ГУГКАТЫ Жаннæ,
къамтæ систа
ХЪАЙЫРТЫ Дианæ

Транспорт

Фæндаг фæуæрæхдæр

Амæй фæстæмæ Уæрæсе æмæ Гуырдзыстоны 'хсæн арæныл "уадзæн бынат "Уæллаг Ларс"-ы хæдтулгæты фæндагыл цæуынæн уыдзæн 39 рæнхъы. Уæрæсейы Транспорты ми-



нистрады куыд загътой, афтæмæй бынаты географион хицæндзинæдтæ бадомдтой йæ куысты æууæлтæм нырыккон техникон фæрæзтæ æмæ ногдзинæдтæ бахæссын. Уый фæрцы гæнæн фæци автомобилон транспорты алы хуызтæ хицæнтæй къаддæр рæстæгмæ æмæ æнæкъуылымпыйæ уадзынæн.

Нæ уацхæссæг

Æнæнхъæлæджы уавæртæ

Донвæд фæарфдæргæнинагу

Редантмæ 'ввахс ран Терчы дон донылфидаргæнæг ауæзтыты сæрты кæй акалд, уый аххосæй, уæвæн ис, æмæ Дзæуджыхъæу нуазыны донæй ифтонггæнæг донисæнты артезианон цъассытæ счъизи уыдзысты.

Ацы аз чи сæвзæрд, паддзахадон унитарон куыстуат йæхи хъарутæй фыдбылызы агъоммæ уыцы уавæртæ æвæстиатæй аиуварс кодта. Донæй горæты ифтонгады фæтк цæмæй ма фæкъуыхцы уа, уый тыххæй куыстуаты специалисттæ донисæнмæ 'ввахс ран донылфидаргæнæн куыстытæ æххæст кодтой, фæлæ, Терчы дон кæй раивылд,

уый нымайгæйæ, æнæ сæрмагонд фæрæзтæй уавæр банывыл кæныны фадат нæй.

Терчы уавæры фæдыл бæрндзинад кæмæ хауы, унитарон куыстуаты разамынд республикæйы доны фæрæзты уыцы филиалмæ цалдæр хатты бахатыд, фæлæ, тыхуарынтæ цалынмæ нæ райдыдтой, уæдмæ Терчы донвæд æмбæлгæ уагæй сыгъдæггонд не 'рцыд, хъæугæ куыстытæ ныр дæр ничи 'ххæст кæны.

Уарынтæ дарддæр цæуынц, æмæ Редантмæ 'ввахс ран Терчы донвæд æвæстиатæй фæарфдæр кæнын æмæ йæ расыгдæг кæнын хъæуы.

ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ

"Рæстдзинад"-ы уазæг

"Мæ уды иу хай баззад Ирыстоны..."

Хагуш Левы чызг Саидæ — Абхазы паддзахадон университеты социологи æмæ политологийы кафедрæйы доцент. Райгуырд Гагрæйы район Бзыбы. Сухумы 10-æм астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ ахуыр кæнынмæ бацыд Абхазы паддзахадон университеты филологон факультеты уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы хайадмæ. Ахуыры фæстæ йæ зæрды уыд зонадон куыст кæнын, фæлæ уæдмæ райдыдта абхазаг-гуырдзиаг быцæу, æмæ, кæмæн куыд гæнæн уыд, афтæ уагътой сæ цæрæн бынæттæ, хъысмæт æй æркодта Ростовмæ. Уым мидхъуыддæгты оргæнты, миграцион службæйы бакуыста аст азы, уыд Кировы районы милицæйы хайады хицау. 1999 азы йæхи раивын кодта йæ райгуырæн республикæмæ, снысан æй кодтой Абхазы республикæйы паспортон визæты службæйы хицауæй. 2016 азы бацыд Уæрæсейы Президенты цур Адæмон хæдзарады æмæ паддзахадон службæйы академийы аспирантурæйы политологийы хайадмæ. Абоны онг ахуыргæнæгæй кусы Абхазы паддзахадон университеты юридикон факультеты, у социологи æмæ политологийы кафедрæйы доцент.

Саулагъз, хиуылхæцгæ, хæрзаив сылгоймаг, йе сныхас — уæздан, йæ цæстæнгас — æргом. Йæ 'взалыйы хуызæн сау цæстыты арфы цыма дунеты хæлардзинады æндахы къуыбылой райхæлынмæ хъавыд, фæлæ дзы цавæрдæр тасдзинад пъæззыйау ныббадт, афтæ мæм фæкаст. Йæ хъæлæсы зæлд — цæугæдонмæ тындзæг суадонау, цыма йæм нырыккон царды æцæгдзинады тæваг хæццæ дæр нæ кæны, бирæ зындзинæдты сæрты дæр нæ ахызт. Æрмæст дзургæ-дзурын къуыхцы кодта, цыма уæлдай истытæ сræдийынæй тарст, уыйау. "Гуырдзиаг-абхазаг цаутыл ныр æртын азы рацыд, мæнæн та мæ удыл тасдзинад ныйичъи, цынæ йын кæнын, ма-кæ зæгъай, кæд сурын комы," — хатыркурæгау уыд йæ ныхас Саидæйæн. Фæстæдæр, "Рæстдзинад"-ы уазæджы цардмæ læмбынæгдæр куы 'ркастæн, уырыссагау "йæ цармы куы бацыдтæн", уæд æппæт дæр бамбæрстон. Адæймаг, зæгъынц, йæ райгуырдæй хорзæй цы уына, уый йæ уæнгты ахизы æмæ зæры бонмæ йæ къухæй нал ахауы. Саидæ дæр, кæм æмæ цы уавæрты рæзыд æмæ рахъомыл, уыдон йæ дарддæры цардыл æнæзынгæ нæ фесты.

Саидæйы райгуырæн хъæу Бзыбы гуырдзиаг-абхазаг быцæуы размæ бирæ адæмыхæттытæ цард, сæ фылдæр уыдысты абхазæгтæ, гуырдзиæгтæ, сомихæгтæ. Хъæуы иннæ фарс, хохыл, дардмæ дæр ис фенæн Калдахвары рагон фидары хæлддзæгтæ, йæ алыварс тархъæдæй йæм зын у схизын.

Абхазы егъаудæр ипподром ис Саидæйы райгуырæн хъæуы, афæдз дыууæ хатты — 30 сентябры — Республикæйы Уæлахизы æмæ Хæдбардзинады бон, стæй 9 Майы — Уæлахизы бон — ам ацæуынц бæхты дугътæ. Ахæм ран чи схъомыл, уымæн Фыдыбæстæмæ, адæммæ уарзондзинад йæ туджы ис. Хæлардзинады, аудынады æнкъарæнтæй не сцух вæййы йæ амæлæты бонмæ. Уыцы адæймæгтæй иу у Саидæ Хагуш.

"Дзæуджыхъæумæ мæ кæстæр лæппу, 15-аздзыд Дамейимæ æрцыдтæн, — йæ ныхас дарддæр ахæццæ кодта редакцийы уазæг. — Конференцийы агъоммæ рацыдыстæм горæтмæ, цæмæй фенæм, цы адæм дзы цæры, уыдоны. Бацыдыстæм паркмæ, æмæ мæм Дамей цинхуызæй дзуры: "Мамæ, цы диссаджы адæм дзы цæры, иууылдæр уыцы лæгъз ныхас кæнынц, цæмæй сæ бафæрсай, уымæн бæстон дзуапп радтынц. Суанг ма мын, кæд дæ æххуыс хъæуы, уæд ма 'фсæрмы кæн, зæгъгæ, дæр загътой. Мамæ, уый алы ран афтæ нæу, уый адæмы миниуæг æвдисæг у, адæмыхатт не 'взаргæйæ, баххуыс кæнынмæ куы тырнай, уæд". Разы дæн мæ хъæбулимæ, адæймаджы уды уыцы миниуджытæн куы уа бынат, уæд кусын дæр, хъуыды кæнын дæр æнцондæр у, фидæнмæ дæр æууæнкджынæй кæсы. Нæ адæмтæн, æнусты сæрты хизгæйæ, рæстæджы цыды æхсыстысты се 'хсæн ахастдзинæдтæ, æфсымæрдзинад æмæ хæлардзинады тæгтæй фидар стæм баст. Зæрдæйæ стæм æфсымæртæ, иу нæ кæнынц нæ цæрæнуæттæ æмæ æгъдæуттæ. Фæхуыдтой нæ фынджыбадтмæ, æмæ диссаг, рæгъытæ иронау кодтой, фæлæ æз æппæт дæр æмбæрстон, афтæ мæм каст, цыма мæ райгуырæн Абхазы мæ хорз хæлæрттимæ бадæм дзаг фынджы уæлхъус. Æмæ уæд æз дæр ракуырдтон хистæрæй, цæмæй мæ куывдтытæ мадæлон æвзагыл зæгъон. Диссаг, фæлæ мæ бамбæрстой иууылдæр. Уый та, нæ удтæ хæстæг кæй уыдысты, уымæн афтæ рауад," — йæ хъуыды дарддæр ахæццæ кодта уазæг.

Абхаз дæр удыбæстæйы зæхх хуымæтæджы нæ хоны Саидæ. Мах адæм, зæгъы, хæларзæрдæ сты. Хæларзæрдæдзинад, уæздандзинад та нæ нырыккон царды цæджындзтæ сты, адæймаг адæймаджы ном уыдоны фæрцы хæссы. Тыхми æмæ кæнгææ хъуыддæгтæй цард размæ нæ цæуы, уымæ гæсгæ республикæйы цард



арæзт цæуы уый хынцгæйæ. Саидæйы фыд Лев куыста горæт Шахтæйы генералон прокуратурæйы хистæр слестгæнæгæй, хæсты рæстæг сыздæхт йæ райгуырæн республикæмæ æмæ уыд Гудаутæйы прокурор, бирæ сарæзта, цæмæй йæ адæм баредон æгъдауæй хъахъхъæд æрцæуой. Саидæйы сæрыхицау Тимур Абгадж нæ уарзы хæсты хабæртты тыххæй дзурын, фæлæ ирон лæппутæ Абхазы республикæйы хæдбардзинад бахъахъхъæныны хъуыддаджы цы æнæхин æмгарадон æххуыс бакодтой, цы хъæбатырдзинад æмæ удысконд равдыстой, уый тыххæй дзырдта йæ кæстæртæн, йæ фырттæ Лев æмæ Дамейæн. Ныр хæдбар паддзахад цæры æмæ тырны сабыр цардмæ, хæлардзинады тæгтæ фидардæр кæны сыхаг республикæтæ æмæ паддзахæдтимæ. Уæрæсе хоны йæ хистæр æфсымæр. Бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ивгъуыд аз Уæрæсе æмæ Абхазы 'хсæн базарадон-экономикон зилдух уыд 73%, куыд дарддæр, кæндзæн фылдæр. Уымæн фадæттæ аразы Абхазы республикæйы Президент Аслан Бжания. Уæрæсеимæ бафыст бадзырдмæ гæсгæ хæстæгдæр præстæг сног уыдзæн Владислав Ардзинбайы номыл дунеон аэропорт "Сухум"-ы куыст. Уæрæсе æмæ Абхазы социалон-экономикон æмархайды фæдыл кусы хицауæдты 'хсæн къамис.

Июны кæрон Сочийæ Абхазмæ денджызон фæндагыл цæуын райдайдзæн круизон лайнер "Князь Владимир", æфсæнвæндагыл та цæудзысты "Ласточкæ"-йы поездтæ. Уæд туристты цыдыл уæлæмхасæн бафтдзæн 10%.

"Афæдзы дæргъы нæм сæ улæфт суадзынмæ цæуынц алы рæттæй. Туризмы къабазы кусджытæ исынц æппæты фылдæр мызд, уымæ гæсгæ фæсивæд тырнынц ацы ран сæхи равдисынмæ. Уый та баст у бæстæзонынмæ, республикæйы истори æмæ æгъдæуттимæ. Махмæ, денджызы был, алы кварталмæ дæр цавæрдæр историон цау баст у, семæ сæ базонгæ кæнынц фæсивæды минæвæрттæ. Куыд æхсызгон вæййы туристтæй "цы зæрдæхæлар адæм стут", æнахуыр уды хицæуттæ стут, зæгъгæ, æддагæттæй фехъусын. Уæд адæймаджы æрфæнды хуыздæр кусын, фидæнмæ райдзаст цæстæй кæсын. Мæнæн мæ куыст фæсивæдимæ баст у, æмæ уынын, бирæтæ ахуыримæ куыстыл хæст дæр кæй сты. Сæ ныййарджытæм не 'нхъæлмæ кæсынц, уый нæ, фæлæ ма сын сæхæдæг дæр æххуыс сты," — сæрыстырæй зæгъы фæсивæды хъомылгæнæг.

Ис сын бастдзинæдтæ ахуырады къабазы, комкоммæ бастдзинады фæрцы лекцитæ æмæ семинартæ арæх саразынц иннæ регионты уæлдæр ахуыргæнæндæттимæ. Республикæйы культурæйы министр Дауд Кове бирæ кусы ацы къабазы сфæлдыстадон тæгтæ æндидзыныл, арæх сæм гастролты æрбацæуынц Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны сфæлдыстадон коллективтæ. Уазæгуаты ацæуынц сæхæдæг дæр.

"Ирыстонмæ мын уæлдай ахаст ис. Хъыгагæн мын не 'нтыст ардæм æрбацæуын, ныр æрбафтыдтæн, æмæ мын мæ балц цас æхцондзинад æмæ сыгъдæг æнкъарæнтæ æрбахаста, уыдон ма мемæ бирæ рæстæг уыдзысты. Дамей ма мæ фæрсгæ дæр бакодта, мамæ, Ирыстонмæ ма кæд æрцæудзыстæм, зæгъгæ. Мæ уды иу хай баззад ам, уарзон ирыстойнæгтæ," — кæронбæттæны æрæнкъард нæ уазæг, æмæ уын цы арфæйы ныхæстæ ныууагъта йæ аздæхыны размæ, уыдон уæм хæццæ кæны газет "Рæстдзинад".

ХУЫБИАТЫ Ларисæ



Скæнæм нæ тырыса дзыллæйы номæй, —
Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй!..

НÆ ИРЫ ФÆСИВÆД

ГАЗЕТ ГАЗЕТЫ

ФАРС ЦÆУЫН РАЙДЫДТА 1994 АЗЫ 31 МАРТЪИЙЫ

2023 АЗЫ 17 ИЮН — ХУРХÆТÆНЫ МÆЙЫ 17 БОН, САБАТ №5 (89)

Аивады дæснытæ

Ирон фæндыры цæгъдтытæ

Горæтгæрон районы Культурæйы галуаны æрвылаз ацæуы конкурс-фестивал "Æрцæгъд-ма, фæндыр". Ацы мадзал арæзт вæййы Ирыстоны номдзыд музыкантты нæмттæ æрымысыны тыххæй.

Ацы аз фестивалы ссардтой Уæрæсейы сгуыхт артисткæ, композитор, адæмон цæгъдтыты автор Дзеранты Венерæйы рухс ном. Венерæ йæ фæстæ цы бирæ сфæлдыстадон бынтæ ныууагъта: зарджытæ, цæгъдтытæ æмæ, йæ аивадыл цы æнæхъæн фæлтæр схъомыл, уыдонæй стыр æвзæрæн бахаста ирон культурæмæ.

Фестивалы сæйраг нысан уыд национ инструмент "Ирон фæндыр"-ыл дæсны чи цæгъды, ахæм фæсивæд æрбамбырд кæнын. Конкурсы цы фæндырдзæгъдджытæ архайдтой, уыдон равдыстой сæ дæсныйад.

Жюрийы уæнгтæ — Гæздæнты Булаты номыл национ оркестры артисткæ **Агънаты Алинæ,** РЦИ-Аланийы адæмон артисттæ **Датиты Эльзæ** æмæ **Дзеранты Олег** лæмбынæг байхъуыстой алы архайæгмæ дæр.

Конкурсы архайджытæ сæ асмæ гæсгæ дихгонд цыдысты æртæ къордыл: хистæр, астæууккаг æмæ кæстæр. Алы къорды дæр сбæрæг кодтой цалдæр уæлахиздзауы. Хистæр къорды фыццаг бынат бацахста **Гайттаты Элизæ**, дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæ бацахстой **Мæргъиты Кристинæ** æмæ **Дзиуаты Татьянæ**.

Астæууккаг къорды дыууæ фыццаг бынаты бацахстой **Ælборты Ланæ** æмæ **Гæбæраты Тамилæ. Лæцойты Зæринæ** æмæ **Вероникæ Негрей** бацахстой дыккаг бынат, æртыккаг бынат се 'хсæн адих кодтой **Биганаты Лаурæ** æмæ **Цхуырбаты Аделинæ.**

Кæстæр къорды фыццаг бынат бацахста **Къуымæриттаты Данæ**, дыккаг бынат — **Самирæ Чегемова**, æртыккаг бынат та се 'хсæн адих кодтой **Болататы София** æмæ **Тедеты Далилæ**.

Ансамблты 'хсæн фыццаг бынат бацахста, **Къæбысты Зæлинæ** разамынд цы триойæн дæтты, уый. Дыккаг бынаты ансамбл — "Хурзæрин", йæ разамонæг **Гуылæрты Людмилæ**. Æртыккаг бынат се 'хсæн адих кодтой трио "Уæлмонц", йæ разамонæг **Гуыриаты Руслан** æмæ ансамбл "Фидæн", йæ разамонæг **Кочиты Еленæ**.

Музыкалон сфæлдыстады дæсны суæвыныл йæ уд чи хъары, уыдонæн ацы фестивал уыд ахсджиаг къахдзæф. Бацæттæ йæ кодтой Горæтгæрон районы Культурæйы галуан, йæ сæргълæууæг РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг **Мæхъиты Хадизæ** æмæ районы Культурæйы галуаны методист **Кæркуысты Ларисæ.**

Архайджытæн се 'ппæтæн дæр лæвæрд æрцыд Кады гæххæттытæ, уæлахиздзаутæ та хорзæхджын æрцыдысты майдантæ æмæ дипломтæй.

Конкурс-фестивал "Æрцæгъд-ма, фæндыр"-æн йæ нысан канд ирон аивад парахат кæнын нæу, уый æрыгон курдиатджын фæсивæдæн фадат дæтты сæ дæсныйад равдисынæн. Азæй-азмæ фестивалы архайджыты нымæц фылдæрæй-фылдæр кæны. Уый уыл дзуры, æмæ ирон аивадæн фидар бындур æмæ рухс фидæн ис.

ГУЫЦМÆЗТЫ Аннæ,
Горæтгæрон район

Тедеты Азæмæты ног сгуыхтдзинад

Курдиатджын фæндырдзæгъдæг ТЕДЕТЫ Азæмætимæ нæ газеткæсджыты раздæр дæр зонгæ кодтам "Фæсивæдон фарсыл". Æмæ та мæнæ йæ ног сгуыхтдзинад.



Уæрæсейы Гнесинты номыл музыкалон академийы студент Тедеты Азæмæт ссис адæмон инструменты Фыццаг Æппæтуæрæсеон конкурс-фестивал "Кубок Юрия Вострелова"-йы уæлахиздзау. Фестивал цыд Уæрæсейы сгуыхт артист, Гнесинты номыл музыкалон академийы профессор, зындгонд баянисты райгуырæн горæт Омскы 1 июнæй — 4 июнмæ. Тедеты Азæмæт дзы номинаци "Аккордеон"-æй бацахста фыццаг бынат. Ацагъта Бахы, Чайковскийы æмæ Рахманиновы уацмыстæ.

— Æз стыр кадыл нымайын, Юрий Востреловы райгуырæн горæты уæвын æмæ ацы фестивалы архайын. Уый уыд зындгонд музыкант. Омскы цæрджытæ ныл тынг зæрдæхæларæй сæмбæлдысты, боныхъæд дæр цыма нæ циныл цин кодта, афтæ райдзаст уыд, — загъта Азæмæт.

Хуыцау зæгъæд, æмæ ахæм курдиатджын фæсивæд Ирыстоны фылдæр уæд! Азæмæт аивады бæрзæндмæ уæндон къахдзæфтæй цæуы æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы ног æнтыстдзинæдтæ, ног уæлахизтæ!

Культурæ

Расул Гамзатовы сфæлдыстады ахадындзинад

Расул ГАМЗАТОВ у нæ бæстæйы зындгонддæр поэттæй иу. Йе сфæлдыстадæн ын стыр аргъ кæнынц канд нæ бæстæйы нæ, фæлæ æппæт дунейы дæр. Лæвæрд ын æрцыд бирæ алыхуызон литературон премитæ. Уыдонæй уæлдай хорзæхджын æрцыд "Фыдыбæстæйы раз сгуыхтдзинæдты тыххæй" æмæ "Адæмты 'хсæн Хæлардзинад"-ы ордентæй.

Национ традицитæ æмæ адæймаджы хуыздæр миниуджытæ, уарзондзинад, хæлардзинад, патриотизм сты Расул Гамзатовы сфæлдыстады сæйрагдæр мотивтæ. Йе 'мдзæвгæтæ хицæн кæнынц канд рæсугъддзинадæй нæ, фæлæ арф хъуыды æмæ аив зæлдæй. Автор йе 'мдзæвгæты æвдисы, адæймаг йæ царды цы лыггæнинаг фарстатимæ сæмбæлы, цы зындзинæдтæ бавзары, уыдон.

Гамзатовы сфæлдыстад æвдисæн у, нæ бæстæйы культурæ алыхуызон, бирæвæрсыг, хъæздыг æмæ диссаджы рæсугъд кæй у, уымæн. Уый æрмæст уырыссаг æвзагыл нæ фыста, фæлæ ма йæ мадæлон — авайраг æвзагыл дæр. Гамзатовы уацмыстæм гæсгæ ист æрцыдысты киноныв тæ, фыст æрцыдысты музыкæ æмæ операе, ратæлмац сæ кодтой дунейы алы æвзæгтæм.

Адæмы уарзон поэт тынг зæрдиагæй архайдта æхсæнадон царды дæр. Арæх уыд алыхуызон конференцитæ æмæ фембæлдты кадджын уазæг. Æмбæлд фæсивæдимæ, цæстуарзонæй сын амыдта сфæлдыстады сусæгдзинæдтæ, дзырдта сын йæ хъуыдытæ нæ бæстæйы æмæ дунейы политикон царды тыххæй. Чи йæм хъуыста, уыдон-иу ын алкæддæр сарæзтой тыхджын къухæмдзæгъд.

Уымæ гæсгæ, Расул Гамзатов уыд æмæ у канд курдиатджын поэт нæ, фæлæ ма нæ бæстæйы уарзондæр æхсæнадон архайджытæй иу. Йе сфæлдыстад ын банымайæн ис, канд нæ бæстæйы нæ, фæлæ æппæт дунейы культурæйы хæзнайыл.

Хъыгагæн, 2003 азы Расул Гамзатов йæ цардæй ахицæн. Фæлæ йæ фæстæ

цы хъæздыг бынтæ ныууагъта, уыдоны фæрцы йæ ном цæрдзæн æнустæм, йе сфæлдыстадимæ йын зонгæ чи у, уыдонæй алкæй зæрдæйы дæр.

ЦОРИТЫ Алексия,
Ахуырадон центр "Эрудит"-ы ахуырдзау

Конкурс

Фыццаг къахдзæфтæ наукæмæ

Кæрдзыны скъолайы 8-æм къласы ахуырдзау Моргуаты София у Дунеон наукон-иртасæн æмæ сфæлдыстадон куыстыты конкурс "Старт в науке-2023"-йы уæлахиздзау. София архайдта "физикæ-математикæ"-йы хайады. Йæ куыст баст уыд арæзтадон æрмæджыты физикон миниуджытæ иртасынадимæ. Конкурс арæзт æрцыд Уæрæсейы æрдзонынады академийы хъæппæрсæй.

— Темæ дæр иумæ равзæрстам. Фыццаг уал нæ куыст арвыстам. Къамисы уæнгтæ йæм æркастысты æмæ нæм боныгон хайады архайынмæ хонæджы гæххæтт сæрвыстой. Æхсызгон мын у, мæ ахуырдзау ахæм ахсджиаг конкурсы уæлахиздзау кæй ссис, уый, — зæгъы Кæрдзыны хъæуы скъолайы физикæйы ахуыргæнæг Хосроты Жаннæ.

Конкурсы кæронбæттæны хай ацыд Мæскуыйы 10 апрелæй 12 апрелмæ.

Чысыл нывгæнæг

Уæрæсейон сфæлдыстадон рæзты центр "СоТворение"-йы бындурыл арæзт æрцыд Æппæтдунеон конкурс "Фыдæлты æвзаг". Æрвылаз дзы архайынц 400 сывæллоны онг Уæрæсейы алы регионтæй æмæ хæстæг республикæтæй. Национ æвзæгтæ бахъахъхъæныны хъуыддаджы конкурсæн стыр ахадындзинад кæй ис, уымæ гæсгæ дзы регионты Ахуырад æмæ наукæйы министрадтæ дæр зæрдиагæй архайынц.

Ацы аз конкурсы уæлахиздзау ссис Дзæуджыхъæуы 26-æм скъолайы 9-æм къласы ахуырдзау Гæбæраты Тимур.

Тимур кæд нырма фыццаг къахдзæфтæ кæны нывкæнынады, уæддæр ын ныридæгæн хорз æнтысы. Жюрийы уæнгтæ йын стыр аргъ скодтой йæ нывы "Расул Гамзатов"-æн æмæ йæ схорзæхджын кодтой фыццаг бынатæй.

Нæ редакцийы номæй йын арфæ кæнæм! Дзæбæхæй байрæзæд æмæ дзы фидæны Ирыстонæн номдзыд нывгæнæг рауайæд!

Фарс бацæттæ кодта
ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ

Нæ уыдзæн рох

Мæ сæрæй уын ныллæг кувын

9 Майы сбæрæг кодтам нæ бæстæйы æппæты кадджындæр бæрæгбон — Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Цытджын Уæлахизы бон.

Нæ Фыдыбæстæйы кад сæ риутæй чи бахъахъхъæдта, нæ абоны сабыр царды сæрвæлтау удуæлдай тох чи фæкодта знаджы ныхмæ, уыдоны Стыр бæрæгбон.

Хæст... Цыбыр, фæлæ уæззау дзырд. Зæрдæ ныккæрзы, уæнгтæ баризынц æрмæст йæ койæ дæр.

Зын фæндæгтыл фæцыдысты Иры хъæбултæ, куыд æппæт советон адæм дæр. Бирæтæ дзы нал æрыздæхтысты, бирæтæ та дзы æбæрæгæй фесæфтысты...

Ахæм уæззау фæндæгтыл фæцыд мæ фыдæн йæ фыды 'фсымæр Гæбуты Соломоны фырт Ермолай (Ерман) дæр. Уыд танкист. Нæ зæхх фашисттæй уæгъдгæнгæйæ, бирæ тухитæ æмæ фыдæвзарæнтæ бавзæрста. Архайдта Сталинграды бынмæ тохы...

Йæ хъæбатырдзинады тыххæй йын лæвæрд æрцыд цалдæр ордены æмæ майдантæ. Йæ Райгуырæн бæстæйы раз йæ хæстон хæс сæххæст кодта. Æрыздæхт æнæ иу къахæй.

Абон æз сæрыстыр дæн мæ хъæбатыр хистæрæй. Мæ сæрæй ныллæг кувын, абон ма дзы æгас чи у, уыцы ветерантæн! Уæ хъæбатырдзинад рох никуы уыдзæн!

ГÆБУТЫ Хъазыбег,
Дзæуджыхъæуы 26-æм скъолайы 9-æм къласы ахуырдзау

Райгуырæн бæстæ

Æгъдау — царды бындур

Уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ, мадæлон æвзагмæ, не 'гъдæуттæм сты æцæг адæймаджы миниуджытæ.

Райгуырæн бæстæ уарзын нысан кæны, цыдæриддæр дзы ис, уыдон иуылдæр уарзын: йæ тар хъæдтæ, йæ дымгæ, йæ хус кæрдæг, йæ тыгъд быдыртæ, уæлвæзтæ, бæрзонд хæхтæ, йæ къæвдатæ æмæ йæ хуры скаст дæр.

Уарзын мæ мадæлон æвзаг. Бирæ сусæгдзинæдтæ ис æвзаджы. Уарзын ын йæ алы дзырд дæр. Куыд ис уый гæнæн, æмæ ма уарзай де'взаг, де 'гъдау. Йе 'взаг чи нæ зоны, йæ фыдæлты æгъдæуттæ чи не 'ххæст кæны, уымæн йæ хъуыдытæ, йе 'нкъарæнтæ æндæр адæймагæн зæгъын йæ бон нæ бауыдзæн. Уый та ахсджиаг у царды. Æвзаг у адæмы иугæнæг фæрæз.

Фыццаджыдæр, зонын хъæуы уый, æмæ нæ истори, нæ культурæ, нæ цардыуагæн сæ ратæдзæн у æвзаг. Æвзаджы истори æмæ æхсæнад кæрæдзийыл сыгъзæрин тынтæй баст сты — æвзаг цæры æхсæнады, æмæ баст у æхсæнадимæ. Афтæ мæм кæсы, æмæ мадæлон æвзагæн нæй æнæхъæнæй сахуыргæнæн. У æнæкæрон æмæ æнæфæуд. Кæсагæн йæ бон æнæ дон куыд нæ у, афтæ адæймагæн дæр йæ бон нæу æнæ 'взагæй. Куыд хъуамæ уарзай дæ бæстæйы, йе 'взаг ын куы нæ зонай, уæд? А. Паустовскимæ гæсгæ "Истинная любовь к своей стране немыслима без любви к своему языку". Фæлæ фæстаг рæстæг канд нæ мадæлон æвзаг æмæ æгъдауæн фесæфынæй нæу тас, фæлæ ма уырыссаг æвзагæн дæр. Арæх фæхъуыды кæнын, цæмæн сæвзæрд ахæм фарста, æмæ йæ хос цы у?

Æвзаг сафынц адæм сæхæдæг. Нæ горæты уынгтæм акæсгæйæ, нæ цæстытыл сæмбæлынц алыхуызон фæсарæйнаг дзырдтæ. Сæ нысаниуæг сын æмбаргæ дæр нæ фæкæнæм. Не 'взаджы та ис бирæ рæсугъд, аив дзырдтæ, фæлæ йæ нæхæдæг фыдуынд кæнæм. Цæмæн нæ хъæуы æцæгæлон æвзаджы "уазал" дзырдтæ? Æрвхуыз экран баиу кæн æмæ цы? Рекламæ. Æцæгалон дзырд! Уæдæ хъусгæ та цы кæнæм? "Баунти", "Твикс", "Доширак", "Кока-Кола". Иуыл диссагдæр та "Сникерс" фæци.

Уыди хуымæтæг дзырд æмæ мивдисæджы руаджы ссис — "сникерсни". Фæсарæйнаг "уазал" дзырдтæ ныффидар сты не 'взаджы æмæ рæзынц, парахатæй-парахатдæр кæнынц. Уæдæ дуканимæ бацæугæйæ дæр дзаумайæн кæсæм йæ фыстытæм. Цавæр фыстытæ йыл ис? "Адидас", "Версаче", "Америкæ". Нæхи фыдыбæстæйаг дзаума нæ сæрмæ нæ хæссæм, дард сæм лæууæм.

Ныры рæстæг стыр лыггæнинаг фарста у æрыгæтты цымыдисдзинад. Нæ куырыхон ахуыргонд адæм нын цы аив, рæсугъд æвзаг, æгъдау ныууагътой, уый сæрты акъахдзæф кæнæм æмæ пайда кæнæм æнæгъдау, æнæуаг дзырдтæй. Дæс, фынддæс азы размæ нæ ныййарджытæ цы кастысты сæ сывæллæттæн? Цавæр аргъæуттæ зыдтой нæ мадæлтæ æмæ нанатæ. "Репка", "Морозко", "Курочка Ряба", "Сказка о рыбаке и рыбке". Ацы аргъæуттæ ма искуы фехъусдзысты нæ сывæллæттæ? Уыдон кæсдзысты фæсарæйнаг мультфильмтæм æмæ цъæммар монстртæм. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, адæмæн сæ хъæздыгдзинад ис се 'гъдауы. Хистæрмæ хъусын, кад ын кæнын. Цæмæй уыдон æххæст кæнай, уый тыххæй кæсын хъæуы аив литературæ, историон уацтæ. Хъахъхъæнай дæ фыдæлты кад, сæрыстырæй йæ хæссай, ахуыр кæнай, дæ фыдæлтæ дын цы бынтæ ныууагътой, уыдон. Æвзаг, æгъдау, хъæбатырдзинад, лæгдзинад.

Æз дæн ирон чызг, мæ фыдæлтæ дæр сты ирæттæ, æнæкæрон бирæ уарзын мæ мадæлон æвзаг, нæ адæмы æгъдау. Æз мæхи хонын патриот. Æцæг патриотæн мадæлон æвзаг у уæлдæфы хуызæн. Йæ ад у мыдæй адджындæр.

Мæ ныхасы кæрон мæ фæнды зындгонд академик Д.С. Лихачевы ныхасæй спайда кæнын: "Есть язык народа как показатель его культуры, а есть язык отдельного человека как показатель его личных качеств, качеств человека, который пользуется языком народа. Язык человека — это его мировоззрение и его поведение. Как говорит, так, следовательно, и думает. Язык и нравственность в человеке неотделимы. Утрата, отсутствие одного неизменно влечет за собой трагическую потерю второго".

Нæ æрыгон фæлтæры хæс у, нæ фыдæлтæ нын цы диссаджы æгъдæуттæ ныууагътой, уыдон бахъахъхъæнын, кæсæм æмæ сæ ахуыр кæнæм, цæмæй нæ фыдæлты кад ма фæхудинаг уа историйы аренæйы.

ГОЯТЫ Дзерассæ,
Дзæуджыхъæуы 6-æм скъолайы 11-æм къласы ахуырдзау

Спортивон фидиуæг



Уæззау атлетикæ

Ноджыдæр ма иу сыгъзæрин майдан

Нæ газеты зноны номыры мах фыстам ирыстойнаг чызджытæ ГУСАЛТЫ Зæринæ, ЧЕЛÆХСАТЫ Мæдинæ æмæ СОТТИТЫ Янæ уæззау атлетикæйæ Уæрæсейы чемпионкæтæ кæй систы, уый тыххæй.

Нæ сæрæн чызджытæ Ног Уренгойы цы стыр бæрæггæнæнтæ равдыстой, уый нæ спортуарзаг æмзæххонтæн у стыр лæварау. Зæринæ, Мæдинæ æмæ Янæйы бафæзмыдта сæ нæлгоймаг æмбал **Хъесаты Георги** дæр.

15 июны Георги ерыс кодта 96 кг онг уæзы, æмæ йæ архайд æрхаста ноджыдæр ма иу сыгъзæрин майдан Ирыстоны номæй архайæг спортсментæн.

Георгийы ныхмæлæуджытæй æппæты хъомысджындæрæй йæхи равдыста Новосибирскы облæсты минæвар **Тимур Долбышев**. Ерысты фыццаг хуызæй, уыцы-иу ист кæнгæйæ, Хъесайы-фырт æмæ Тимур Долбышевы бæрæггæнæнтæ кæрæдзимæ уыдысты хæстæг. Тимур æрлæууыд 164 кг уæзыл, фæлæ Георги йæ фæстаг фæлварæны систа 168 кг æмæ йæ сæйраг ныхмæлæууæгæй фæцис 4 килограммы раздæр.



Риуæй схойгæйæ дæр, сæ бæрæггæнæнтæ кæрæдзимæ уыдысты хæстæг. Тимур Долбышев йæ риуæй сысхуыста 206 кг æмæ дыууæ хуызы æрæмбырд кодта 370 кг. Георги ахæм уавæры систа иу килограмм фылдæр — 207 кг æмæ дыууæ хуызы равдыста 375 кг. Афтæмæй **Наниты Русланы** хъомылгæнинаг Хъесаты Георги фыццаг хатт ссис Уæрæсейы чемпион.

Нæ республикæйы иугонд командæйы сæйраг тренер **Дзбойты Петр** куыд зæгъы, афтæмæй Хъесайы-фыртæн йæ гæнæнтæ сты ноджы фылдæр, æмæ йын Европæ кæнæ, дунеон ерыстæм ацæуынæн фадат куы уа, уæд хъуамæ уым дæр уа хуыздæртимæ.

Диссаджы хорз рауад нæ штангистты архайд фыццаг дыууæ боны. Цы цыппар спортсмены рацыдысты ерыстæм, уыдон иууылдæр рамбылдтой сыгъзæрин майдантæ.

16 июны чемпионаты фæстаг бон ерысты архайдтой нæ иннæ фондз нæлгоймаг штангисты. Сæ архайд куыд рауад, уый тыхæй бакæсдзыстут нæ газеты иннæ номыры.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Тугдæттæджы бон

Баххуыс кæн рынчынæн

Тугдæттæджы æппæтдунеон бон традицион æгъдауæй сбæрæг кодтой 14 июны. Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон палатæйы фæзы ацыд цæлхæйдзаг æмбырд "Тугдæттынад куыд граждайнаг æхсæнады социалон бæрндзинады сыраезты ахсджиаг ахаст".

2023 аз уæлдай ахадгæдæр у тугдæттыны мадзалы. Фыццаг хатт туг радтыны фарста æххæстгонд æрцыд 205 азы размæ. Адæймаджы туг æвæджиауы фæрæз у, наукон æгъдауæй æмбал ссарæн кæмæн нæй, ахæм. Æрвылаз дæр Уæрæсейы милуан адæймагæй фылдæры бахъæуы туг, цардæй мæлæты 'хсæн уæззау уавæры чи бахауы, уыцы рынчынты. Уымæ гæсгæ нырыккон медицинæйы Тугдæттæджы бонæн стыр ахадындзинад ис. Æхсызгон хабар у, фæстаг азты тугдæттæг адæймæгты нымæц фылдæр кæй кæны æмæ ацы фарста кæй рæзы, уый. Бирæтæ зæрдиагæй цæттæ сты бахъуаджы сахат рынчынæн баххуыс кæнынмæ æмæ æнæзивæгæй уайынц тугдæттæн станцæмæ.

— Активонæй ацы хъуыддагмæ раздæхтой сæхи æрыгон фæсивæд дæр. Алы аз тугдæттæджы рæнхъытæ фылдæр кæнынц æрыгон чызджытæ æмæ лæппутæй. Æмæ уый æхсызгон хъуыддаг у, — загъта РЦИ-Аланийы Æхсæнадон палатæйы сæрдар **Нинæ Чиплакова**.

Ацы аз Тугдæттæджы бон цæуы **"Делись кровью, делись плазмой, делись жизнью, делись часто"**-йы девизы фæлгæты. Уый та нысан кæны, тугдæттыны алы мадзал дæр кæй у зынаргъ лæвар, царды чи ирвæзын кæны, ахæм. Кампани йæ тыхтæ сарæзта, цалынмæ дæр цæра, уæдмæ тугдæттыны æххуыс кæй хъæуы, уыцы пациенттæн. Æмæ ацы ран алы адæймагæн дæр фадат ис йæхи æвæрæн бахæссынæн — туг радтын.

САУТÆТЫ Тамилæ

Программæ

Хъæуон районты райрæзт

Цæгат Ирыстон стыр æргом здахы хъæуон районты спортивон инфраструктурæйы райрæзтмæ.

Республикæйы Парламенты национ политикæ æмæ фæсивæды хъуыддæгты комитеты сæрдар **Джиоты Георгийы** ныхасмæ гæсгæ, спортсментæ тренировкæтæ

цæмæй кæной æмæ ерысты цæмæй архайой, уый тыххæй сын саразын хъæуы хуыздæр уавæртæ.

— Нæ республикæйы арæзт цæуынц спорты ног объекттæ, чи нæм ис, уыцы спортивон объекттæ та нывыл уавæры дарæм. Хъæуон районты спортивон инфраструктурæмæ æргом здахæм, спортсментæ алыхуызон ерысты цæмæй архайой, уымæн ахъаз кæнæм, — загъта Джиойы-фырт.

Уымæй уæлдай, хицауиуæггæнæг адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, æххæстгонд дзыллон мадзæлттæ дзурæг сты спорты рæзтæн ахъазкæнынады программæйы ахадындзинадыл.

БÆЗЗАТЫ Алинæ

Арфæ

Æлборты Дауыты фырт Иванæн, техникон наукæты доктор, профессор, академикæн йæ 80 азы юбилейы фæдыл

Æлборты мыггаг зæрдиаг арфæ кæны мыггаджы ныфс æмæ фидыц, лæггадгæнæг æмæ кæстæртæн зондамонæг Æлборты Иванæн! Дæ цæрæнбон бирæ! Нæ зæрдæ дын зæгъы æнæниздзинад, наукæйы дарддæры æнтыстдзинæдтæ, дæ удæй фылдæр кæй уарзыс, уыцы Ирыстонæн!

Ды бæрзонд наукæйы дæ раззаг,
Дæ хъысмæт у сыгъдæг æрдзимæ баст.
Нæ кæстæртæн ды дæ фæзминаг,
Бæрзонд бæллицтæм у дæ каст.

Нæ сæрмæ арвыл хурыскаст куыд худа,
Æнхъæвзæд афтæ цардбæстыл дæ фарн.
Кæнæнт дæм зæдтæ дæр, тæхуды,
Æмæ нын бирæ азты æнæнизæй фæцæр!

❁❁❁

Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ зæрдиаг арфæтæ кæнынц сæ иузæрдион хæлар æмæ уацхæссæг Æлборты Иванæн. Æнæниз нын у, дæ зæрдиаг фæндтæ Хуыцау æмæ Иры зæдты фæдзæхстæй дæхи фæндиаг сæххæст уæнт царды!

Уастырджи де 'мбал!

Ирхæфсæнтæ

Æрвылазон дугъ

Уæрæсейы алыхуызон регионтæй Цæгат Ирыстонмæ æрбацæуæг 150 адæймагæй фылдæр архайдтой национ парк "Аланыстон"-ы къахвæндæгтыл æрвылазон дугъы.

Нæ республикæмæ уазджытæ æрбацыдысты 30 горæтæй (Севастополæй Хабаровскы онг).

— Маршруты къахвæндæгтæ сты нывыл уавæры. Хохы, дæлвæз æмæ цæугæдæтты уындæй райгонд дæн. Раст зæгъгæйæ, маршруты иуæй-иу рæтты æнæ лæдзæгæнцойæ цæуын зын у. Мæн рагæй фæндыд æвæджиауы бынаты арæзт ерысты архайын, æмæ ныр мæ бæллиц баххæст, — зæгъы дугъы архайæг севастопойлаг Наталья.

Дугъ кæнынæй ерыстæ цыдысты Байради æмæ Галдоридоны æхсæрдзæнты, стæй "Кубусская кругосветкæ" æмæ "Чифандзар"-ы экологон къахвæндæгтыл.

Ацы аз сывæллæттæн 700 метры дæргъæн къахвæндагыл сарæзтой сæрмагонд дугъ. Ерысты æппæтæй кæстæр архайджытыл цыд фæйнæ æртæ азы.

Æдæппæт байуæрстæуыд хæрзиуджыты 25 комплекты.

ГОБОЗТЫ Агуындæ

Нывгæнæджы цæстæнгасæй

СЛАНТЫ Русланы конд ныв

– Дзидза адæймаджы зæронд кæны, æмæ стджытæ уæй кæнын райдыдтам!

Дзырдбыд



Дзуаппытæ 10 июны мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ: 7. Зайæгой. 8. Ренклод. 9. Род. 10. Атакæ. 12. Завод. 15. Нас. 17. Згæ. 18. Исланди. 20. Нана. 21. Атиг. 22. Тау. 23. Каис. 25. "Алан". 28. Рыбачий. 30. Бур. 31. Сах. 32. Далыс. 35. Студи. 37. Ага. 38. Æфсымæр. 39. Армавир.

БЫНЫРДÆМ: 1. Дзæрна. 2. Мæрт. 3. Бирæ. 4. Æрдз. 5. Аксо. 6. "Адæмæн". 10. Асин. 11. Коса. 13. Адда. 14. Дзуг. 16. Сарафан. 18. Инжир. 19. Итали. 23. Кард. 24. Сылы. 25. Аист. 26. Неси. 27. Абырæг. 29. Æхсырф. 33. Азым. 34. Сарт. 35. Саар. 36. "Дзам".

ФÆРСЫРДÆМ: 4. Къостайы æмдзæвгæ. 6. Сыгъдæггæнæн фæрæз. 7. Фидар æфсæйнаг. 8. Рынчынтæн тугдæттæг. 12. Туаты Дауыты драмæ "Сидзæргæс"-ы архайæг. 14. Æрвыст лæг. 15. Нымæц. 16. Нæлгоймаджы ном. 17. Мæрзойты Сергейы роман "Къæхтысæр"-ы архайæг. 19. Таурæгъон Куыртайы кæстæр æфсымæр. 20. Хæрынæн бæзгæ зайæгой. 21. Горæт Литвайы. 24. Ирон хæринаг. 25. Кусæджы дæсныйад. 26. Хуссайраг дыргъ. 28. Хæцæнгарз.

БЫНЫРДÆМ: 1. Бесаты Тазейы роман. 2. Къуырийы бонтæй иу. 3. Азиаг паддзахады сæйраг горæт. 4. Хъæу Алагиры районы. 5. Кувæндон Ирыстоны. 7. Нымæц. 9. Уæрдоны хай. 10. Беджызаты Уасойы æмдзæвгæ. 11. Сындзджын къутæр. 13. Горæт Японы. 15. Мыдыбындзыты хистæр. 18. Стыр нефткъахæн центр Ираны. 22. Æхца æвæрæн. 23. Цины хъуыддаг. 26. Асаты Реуазы поэмæ. 27. Æхцайы бæрц Ираны.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Ремонт стиральных машин и холодильников.
Тел.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти.
Тел.: 8-989-037-18-04.

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Сæрмагонд æфсæддон операцийы чи фæмард, уыцы мидхъуыддæгты капитан Хъадаты Аликсандры фырт Майрæмы бинонтæ бузныг зæгъынц, сæ зыны сахат, сæ фарсмæ чи æрбалæууыд, сæ рисæй сын чи айста, уыцы адæмæн, уæлдайдæр та — Хозиты, Бигъаты, Бирæгъты, Козаты, Гайты, Плотниковты, Дзанайты бинонтæн, æмæ хъусын кæнынц, Хъадаты Майрæмы дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн 21 июны, дыццæджы, Дзæуджыхъæуы, Весенняйы уынджы 11-æм хæдзары.

Номыры радхæссæг редактор — **Гобозты Агуындæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли;** 2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19,** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015,
РЦИ-Алани,
г. Дзæуджыхъæу,
Къостайы
проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3434.
Заказ № 701.
Мыхуырмæ
хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru